Ассаламу гIалайкум!

ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 3 ноябрь
РУЗМАН
№ 46 (7481)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 4 гъурущ
12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Б а р к и

4 ноябрь - Халкъазул цолъиялъул къо

ХIурматиял районцоял!

Баркула нужеда ТIолгороссиялъул байрам-Халкъазул цолъиялъул къо.

Гьеб байрам ккола нилъер улкаялъул бечедаб тарих, Россиялъул халкъал цолъиялъул ва цоцалъ гъункиялъул гIемер гIасрабазулал гIадатал рихьизарулеб гIаламатлъун.

Гьелъул къалбал уна Кузьма Мининил ва Дмитрий Пожарскиясул нухмалъиялда гьоркь халкъиял ополченцаз Польшаялъул интервентазде данде рахъун хъамалчагIаздаса бергьенлъи босараб рикIкIадаб 1612 соналде.

Гьеб бергьенлъи щвеялъе сабаблъун ккана халкъалъул цолъи ва гъунки. Россия ккола гIемермиллаталъулаб, къуватаб, жиндир цогояб рухI бугеб ва бикьулареб халкъалъул улка.

Россиялъул тарихалъ бихьизабулеб буго кигIан къуватаб ва гучаб букIунеб пачалихъ халкъалъул биххулареб цолъи бугони.

Божилъи гьабула Россиялъул халкъгун цадахъ нилъер районалъул гIадамазги жигараб гIахьаллъи гьабилин улка цебетIезабиялъулъ.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, рекъел, талихI ва икъбал.

Районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов

Подписка-2018

Унеб буго подписка гьаби.
Бащдаб лъагIалие газеталъул индекс-51377.
Багьа-215 гьур.

Райадминистрациялда

Налогазулгун газалъул бицана

Итни къоялъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул бетIерасул ишал тIуралев МухIамадрасул Гагиевасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана районалъул иргадулаб семинар-совещание.

Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIисаев, полициялъул райотделалъул хIалтIухъаби, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул бегавулзаби, налогазул инспекциялъул ва газалъул абонентазул хIалтIухъаби.

Данделъи рагьулаго, МухIамадрасул Гагиевас бицана район социалиябгун ва экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъе гьабулеб лъикIаб хIалтIи цебехун унеб бугилан.

-Хъил тIолеб буго Больихъ-Агъвали шагьранухда, къачIан лъугIана Лъондодасан райцентралде бачараб гьекъолеб лъел мухъ, дагъ-дагъккун букIаниги, унеб буго росабалъе тIабигIияб газ бачиналъул хIалтIи,-ян бицана МухIамадрасул Гагиевас.

КIалъазе вахъарав районалъул бетIерасул заместитель, экономикаялъулгун финансазул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаевас бицана районалда налогал ракIари иналъул, гIадамазул неформалияб хIалтIуда лъеялъе нухал къазе ккеялъул, официалияб хъвай-хъвагIайги гьабун, гьел хIалтIудалъун хьезариялъул.

-Гьоркьохъеб предпринимательствоялъул объектазда рейдал гьарун, халгьабуна нусиялда анкьо объекталъул ва хIалтIуда хъвай-хъвагIай гьабуна нусиялда кIикъоялда микьго чиясул. Гьеб рахъалъ план гьабсагIат тIубан буго 76,6 проценталъ. Росабазул администрациязул бутIруз налогал ракIариялъул рахъалъ хIалтIи ичIго моцIалда жаниб тIубан буго 97 проценталъ. Налогал ракIариялъул рахъалъ лъикIаб хIасил бихьизабуна Агъвали, Хуштада, КIванада, Эчеда, Сасикь росабазул бутIруз, гьез план тIубан буго нусго проценталдасанги цIикIкIун, -ан абуна МухIамад ГIисаевас.

КIалъазе вахъарав райгазалъул хъулухъалъул нухмалъулев МухIамад ХIайбулаевас данделъаразул кIвар буссинабуна абонентазулал счетал рагьиялъул суал хIинцго унеб букIиналде ва росабазул бегавулзабаз документал гьариялъулъ кумек-квербакъи гьабизе ккеялде.

Халкъиял дружинниказул хъулухъалъул бицана ТIагьир АхIмадовас ва тIадчIей гьабуна гьеб рахъалъ хIалтIи цIакъ захIматго унеб букIиналда, цоцо идарабазул хIалтIухъаби тIадкалам гьечIедухъ, графикалда рекъон дежурствоялде рахъунел рукIиналъул, цогидаз гьеб харбиде гIинбачIого, араб анцIго моцIалда жаниб цониги дежурство гьабичIолъиялъул.

Данделъиялъул ахиралда МухIамадрасул Гагиевас тIадчIей гьабуна щивас жинда тIадаб иш ракIбацIцIадго тIубани, хIалтIи лъикIаланго цебехун иналда.

МухIамад Къасумов

Инсан жиндир бакIалда

ТIабигIаталъул балъголъаби лъималазда малъулев

ЦIалдохъабазул ургъунбахъиялъе (фантазия) гIатIидал ресал кьей, жинцаго рахъарал элективиял курсаздаса пайда боси, предметазда гьоркьсеб бухьеналде кIвар кьей -гьеле мугIалим ва директор МухIамад ИсмагIиловасул хIалтIул хаслъи.

Районго гIадин, бечедаб буго дир кIудаумумузул ТIадгъаквари росу, цохIо тIабигIаталъул рахъалъ гуребги, гIаданлъи-гIадатлъи чорхолъ бессарал гIадатиял гIадамаздалъун ва гIелму-лъай цIикIкIарал гIалимзабаздалъун. РукIана ва руго тIадгъакваризесул жидер цIарал район-республика бахун къватIибехунги машгъурал диниял церехъабиги, министралги, мугIалимзабигун тохтурзабиги.

Гъединазул цояв, ТIадгъаквари росдал гъоркьохъеб школалда гIун бачIунеб гIелалъе лъай-тарбия кьеялъе лъеберго сон гIумрудул кьурав, ахираб анцIила ункъо соналъ гьелъие нухмалъиги гьабулев МухIамад ИсмагIиловасул хIакъалъулъ макъала хъвазе дир пикру ккун букIана жакъаялдасан гIемер соназ цебего. ГIагарлъиялъул чи вугониги, лъикI лъалароан дида МухIамад. «ЛъикI» лъазе «кверабакъана» 2010 соналъ ТIадгъаквари школалда «ЩУмада районалъул экологиял гIузраби ва гьел лъугIинаризе нухал» абураб, араб анкьалъ районалда тIобитIарабго гIадинаб гIелмиябгун цIех-рехалъулаб конференциялда гIахьаллъизе рес щвеялъ. Гьеб мехалъ ракIалде ккун букIана гьаб гьитIинаб школалда «кIудиял» хIакимзабигун гIалимзаби гIахьаллъун гьадинаб даражаялда тадбир тIобитIизе, рикIкIен гIемерал гьалбал разияб куцалда гьеб нухда бачине бажарарав директорас магIарда ахги гIезабилин абун. ГьедигIанги тIабигIатги бокьулев, гьелда сверухъ гьабсагIат кколел ругел лъикIал гурел хиса-басиязда ракI унтулев, экологияб балагь гьукъизе кколин абун ахIиги балев, гIагараб росдал тIабигIат цIуниялде цIалдохъабиги рачунев, росуцоялги ахIулев чи ватана дида МухIамад. Гьелъие нугIлъилъун ккола рикIкIен гIемерал гIелмиял конференциязда гьев гIагараб тIабигIат цIунизе ккеялъул, гьеб цIунизе ккани, гьаризе кколел тадбиразул бицун цевевахъи, росулъ ругел иццазулгун чвахелабазул лъиназул бальнеологиял, химикиял ва цогидалги цIех-рехал гьарун, инсанасул чорхое гьезул бугеб пайда-зарал лъазаби. ГIелмабазул кандидатасул диссертация цIунизе гIураб материал бакIарун буго МухIамадица лъиназдагун гьветIхералда, хIутI-хъумуралда хурхараб. Гьеб киналдего рокьи гьитIинаб къоялдаса нахъего бижараб буго гьесулъ. Гьединлъидалин гьев, гIагараб росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав гIолохъанчи, цIализеги арав Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул биологиялъул факультеталде. ЛъикIал студентазул кьерулъ рехсолаан гьесул цIар, жигараб гIахьаллъи ва гIуцIарухъанлъи букIунаан гьесул факультеталъул ва университеталъул тадбиразулъ.

Университет лъугIараб 1983 соналъ гьитIинав гIолохъанчи тIамуна гьев Сасикь росдал микьго сонил школалда цIалул рахъалъ директорасул заместительлъун ва хадусеб соналъ тIадкъана школалъе нухмалъи гьабизе. Лъабго соналъ, иш лъан ва бажарун, цебехун бачана гьес школалъул коллектив. 1987 соналъ МухIамад вачана гIагараб росдал школалде биологиялъулгун химиялъул мугIалимлъун ва тарбиякьеялъул рахъалъ школалъул директорасул заместительлъун хIалтIизе. 2003 соналдаса нахъе нухмалъи гьабулеб буго гIагараб коллективалъе. Нус-нус цIалдохъаби къватIире риччана МухIамадица гIагараб росулъ хIалтIараб лъеберго соналъ. Сонайил лъабго-щуго студент вахъуна тIадгъакваризесул выпускниказул.

Жакъа гьел хIалтIулел руго аскарияллъун, полициялъулаллъун, тохтурзабилъун, мугIалимзабилъун, гIелмиял хIалтIухъабилъун.

МухIамадил цIалдохъан, РАНалъул Дагъистаналда бугеб гIелмияб централъул МугIрузул ботаникияб ахалъул флораялъулгун хурдузул лабораториялъул заведующий Рамазан МуртазагIалиев къоло микьго сонилъго вахъана биологиял гIелмабазул кандидатлъун, хIадурлъулев вуго кватIичIого гIелмабазул докторасул диссертация цIунизеги. Гьединал цIалдохъаби МухIамадил гIемер руго, кандидаталлъун рахъинчIониги, жиде-жидер хIалтIулал бакIазда лъикIаб къадру-кьимат бугел ва шапакъатазе мустахIикълъарал.

Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник, РФялъул гIаммаб лъайкьеялъул ХIурматияв хIалтIухъан МухIамад ИсмагIиловас нилъер районалъул лъайкьеялъул тарихалда жаниб тIоцебе хIалтIизабуна школазда профилалъулаб ва профилалда цебесеб лъайкьеялъул къагIида. Гьелъ рес кьола цIалдохъабазе тIаса бищараб махщалие хIажалъулел предметал гъваридго лъазаризе.

Школалъул директор хIисабалдаги гIемерав векерахъдула МухIамад МухIамадович мугIалимзабазе хIалтIуе шартIал чIезаризе школалъе хIажатаб алат-къайиялда хадув, гьев вихьула цIалдохъабигун мугIалимзабазда цадахъ щибаб конкурсалдагун олимпиадаялдаги, гьеб ккола цIалдохъанасдехун, мугIалимасдехун нухмалъулесул бугеб бербалагьи.

Щивав цIалдохъанасегун мугIалимасе гIаммаб мацI бати, цIалдохъабазе рекIел хинлъи кьей, щибаб дарсиде цIи-цIияб материал бакIарун, хIадурлъи, предметалде цIалдохъабазул рокьи бижизаби, дарсида цIалдохъабазул ургъунбахъиялъе (фантазия) гIатIидал ресал кьей-гьеле мугIалим ва директор МухIамад ИсмагIиловасул хIалтIул хаслъи. Жидерго мугIалимасул предмет бокьи-гьеле цIалдохъабаз гьесие кьолеб къимат, баркала. ТIадехун абухъе, МухIамад МухIамадовичасул щивав цIалдохъанас батана гIумрудулъ жиндирго бакI.

КIочонаро цIалдохъабазда мугIалимщибаб байрам баркун кIалъала телалъ, гIахьал гьабула рохел-ургъел, тIоритIула дандчIваял.

Живгоги районалда ва республикаялда тIоритIарал гIелмиял гIемерал конференциязулгун конкурсазул гIахьалчи, цевехъан ва призер, бечедаб буго МухIамадил хIалбихьи ва гьес жигаралда ва ракI рагьун бикьула гьеб гIолохъанал специалистазегун жиндирго цIалдохъабазе. Гьев вуго лъикIав насихIатчи. Гьесул хIалтIулъ хасаб бакI ккола живго бетIергьанал «Инсанасул сахлъи ва химия», «Неорганикияб химиялъул масъалаби гьариялъул алгоритмал» элективиял курсаз ва гьелдаса пайда босула районалъул цогидал школаздаги, 2007 соналдаса нахъе гIемераб хIалтIи гьабулеб буго предметазда гьоркьсеб бухьеналде кIвар кьеялда, хасго специалист хIисабалда, биологиягун химия экологиялда хурхинабиялда сверухъ. Компьютералъулал алатаздалъун дарсал кьей ТIадгъаквари росдал школалда ахираб анцIго соналда жаниб гIадатияб ишлъун лъугьун буго.

-Нижер вокьулев, хIурмат тIадегIанав, жиндирго предметги лъикI лъалев, тIабигIаталде гIорхъи гьечIеб рокьи чорхолъги бессарав, жиндирго лъай ва нилъеда сверухъ бугеб хIинчI-хIайваналдегун гьветI-хералде бугеб рокьи цIалдохъабазе бикьулев, гьезда малъулев мугIалим вуго МухIамад МухIамадович,-ян абуна гьесул рахъалъ хинал рагIаби Агъвали араб анкьалъ тIобитIараб экологияб конференциялда гIахьаллъарал тIадгъакваризесул цIалдохъабазгун школалъул мугIалим Зарема ГIусмановалъ. -МугIалимасул диплом бокьарасе щвезе рес буго, амма унго-унгояв мугIалим гIемер вукIунаро. МугIалимлъи -гьеб буго рекIел цIайи, цIалдохъанасулъ жигар, хIаракатбахъи, яхIнамус ва ракIбацIцIалъи, цогидасе кумекалъе хIалае вати, къамартIлъигун-рацIцIа-ракъалъи куцалев ва бихьи, гьелъул хIурмат гьаби. МухIамад МухIамадович вуго хIалимав мугIалимги, ракI рагьарав, жиндехунго ракIбилълъинабизе бажари бугев накъит ва насихIатчи.

Цоги кинабха букIинеб мугIалимасеги директорасеги, сонисел ва жакъасел гьесул цIалдохъабаз къуралдасаги кIудияв ва тIадегIанаб къимат?!

Филолог хIисабалда, географ Заремал пикруги гIахьал гьабун, дицаги жубала тIаде мугIалимлъи захIматаб пиша щибаб къойилаб захIмат букIиналъги бугин, мугIалим лъималазул ракIазулъе нух батулев ва жиндирго къиматги лъалев психологлъунги, бокьараб суалалъе беркьапичIого жаваб кьолевлъунги вукIине кколин абун.

ГIайиб камурав чи кивго вижичIин хъвана кIудияв Расулица «ЦIуне гьудулзаби» абураб жиндирго кочIолъ. РикIкIен гIемерал руго МухIамадилги, ахIи барабго хIалае рахъине хIадурал, гьудул-гьалмагъзаби, гьеб бихьана дида Агъвали тIобитIараб конференциялда гIахьаллъарал гьалбал-гIелмиял хIалтIухъабаздасанги, доб цебеккун бицараб, ТIадгъаквари тIобитIараб гьединабго конференциялда гIахьаллъараздасанги.

ГьитIиназе-эменлъи, дандиязе-вацлъи, чIахIиязе-васлъи гьабизе куцана гьев инсуца, гьедин куцалел руго гьес жакъа жиндирго лъималгун цIалдохъабиги. Жидерго хъизан-рукъазда ругел МухIамадил лъималазги инсул нух тIасан бищана. Биолог Шамил, математик ГIабдурахIман, филологал Асиятгун ПатIимат - МухIамадил буго гьит1инаб школа хIебтIизе специалистал гIураб мугIалимзабазул хъизан.

Хабар халалъана, бугониги, кьокьго рехсела тIадегIанаб категориялъул директор МухIамад ИсмагIиловасул педагогикияб захIматалъул хIасилалги. 2012, 2015 ва араб соналъ гьев гIахьаллъана «Дагъистаналъул лъайкьеялъул бетIер» конкурсалда ва араб соналъ вахъана лъабабилев призерлъун. 2009, 2010 ва 2011 соназ районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазда гьоркьор тIоритIарал гIелмиялгун цIех-рехалъулал хIалтIабазул конкурсазда жинда ващадав щивго гьечIеблъи бихьизабуна ва лъабабго соналъ мустахIикълъана тIоцебесеб бакIалъе.

Вахъана «ЛъагIалил мугIалим-2010» конкурсалъул лауреатлъун, 2012 ва 2016 соназ мустахIикълъана Дагъистаналъул Президентасул грантазе.

2010 соналда нахъе гIуцIун ва лъикIал хIасилал кьун хIалтIулеб буго «МахигьветI» школалъул рохьил магIишат, кватIичIого разе ва рагьизе хIисабалде росун руго школалъул питомник ва теплица.

Гьединал ва гьезда релълъарал цогидалги гIемерал хIалтIаби гьаризе ракIалда буго МухIамад ИсмагIиловасда росулъ, хасго экология цIуниялда хурхарал. Щибаб анкьалъ абуниги бегьуледухъ тIоритIула росулъ экологиял субботникал, рищникулалдаса рацIцIад гьарула росдал къватIал, лъарал рагIалал, иццал, бакIарараб рищни хас гьабураб бакIалде босун, бухIула.

РацIцIалъи-сахлъиялъул аслу ва иманалъул бацIалъи букIин лъималазда гьитIинаб къоялдасанго нахъе малъизе, тIабигIаталъ жиндехун тасамахIаб бербалагьи жакъа гьабуни, метерисеб къоялъ нилъедасан къисас босулеблъи бичIчIизабизе кколин, абураб пикру буго МухIамадил. Гурони ккезе бегьулила, кочIолъ абухъего, жакъа тIабигIаталде таманча нилъеца къвагьани, метер гьелъ нилъеда гIарада къвагьараб гIадаб иш.

БитIараб буго.

Хадижат Залимханова

Районалъул газеталъ 80 сон тIубаялде

ЦIумал

МухIамад Залимхановасе

Гьаб Дагъистаналда цIум
ЦIакъ къадруяб хIинчI буго,
ХIайранаб магIарухъги,
Гьай-гьай гьеб тIадегIанаб.
Берцинлъи цIудулилан
ЦIодорлъи цIудулилан.
ЦIунун гьечIищ умумуз
Абиялгин биценал.
БахIарчилъи цIудулин,
КъохIехьей цIудулилан
ЦIаличIищ шагIиразул
Щвалде щварал асарал?
Аммаха, Залимханов,
РукIана шакдараби,
Щай нужее щвараб цIар
ЦIумазул районилан?

БукIана гьедин суал
Дицаго дийго кьолеб:
-Кин нужей насиблъараб
Асс бугеб хIанчIил цIарин?
ХIикматал сапараца,
Къисматалъул нухаца
Къоял гIезегIан дица
ЦIумада разе ккана.
ХутIичIо дун рещтIинчIеб
ЦохIониги росуги,
РукIана гIодорчIеял
ГIалахазда, рохьазда.
РакI разиял гIадамал,
ГIадатиял, рагьарал,
Гьудуллъиялъе кьучIал,
Къураб рагIуй ритIухъал.
Херазулъ гIакъиллъиги,
ГIумрудул хIалбихьиги,
Беричлъи ясазулъги
Лебаллъи васазулъги
Сундулъго тадбир буго
Кколелъуб сабру буго
Миллат чIухIизе кколел
МагIарул чагIи руго
МухIамад, тIаса лъугьа,
Лъавукъав вукIун вуго
МукIурлъани, тамихIцин
Тамахаб гьабулелъул.
Гьаб магIарулльи сверун,
ЩвечIеб кулицин течIо.
ЦIумада, цIумадисел
ЦIакъ битIун абун буго.
Ракьалда цIар рекъараб,
ЦIаралда халкъ рекъараб,
ЦIумада гIадинаб бакI,
Божа, магIарухъ гьечIо!!

ЦIумадаса гьудулзабазе

Инхокъвари

ТIасан чвахуледухъ медалъулги цIун,
ЦIумадисез дихъе кьун буго гIорто.
-ГIодоб тIинкIичIого, тIинда течIого,
ТIураб лълъар борхе,-ян вуго тамада.
Дица борхула лълъар, сахлъиги гьарун,
Ссигин яхI цIикIкIарал васазул рахьалъ.
Ракьалда биччанте даим хутIизе
Нилъер гIадатлъигун гIаданлъи, гIамал.
Лъала гIасрабазул кьогIал къоязда
Къадар гьитIинаб халкъ гьелъ цIунараблъи.
ЦIумаз тIавап лъолеб улкадул васалъ
Наслабазул чилъи бессун букIинги.
РукIине риччанте чагIи кидаго,
Нилъее цIар кьурал мугIрул багьаял.
Гьезул хьахIал бутIрул дализарулел,
Думалъ рижугеги нилъер росабалъ.
Лъелехь бан чвахулеб Инхокъвари лъар
ГIандигIорде буссун бортулеб буго,
Беричал щобаца цоцахъе бегьун,
Борхалъуде нилъер кечI унеб буго.

У н к ъ р а к ь

НакIкIазукь кьижарал кьурул свераби,
СиратIалъул нухлъун мугIрул сухъмахъал,
Свакалев гьечIо дун, гьаб кинаб хIикмат-
ХIатIазги эхеде вуго хьамулев.
Хьуй гьечIо рагIулеб машинабазул,
Щурщур буго гIицIго Бедарохьосан.
Борхалъи, борхалъи, тIарада-Диклос,
Дуниялго цебе - огъохъатиниб.
Анищал, пикраби, тарих араб мех
Авалаб бацIцIалъи цIунараб Ункъракь.
ЦIцIедуе гурони нух гьечIониги,
Гьаниб шагъра бугин росабазул халкъ.
Херав жамагIатчи, тIадхъварщинисев,
ТIамуна дуца дун вас-васдабалъе,
Метрада ток бугин, Силди нух щванин
Сонал дур ун ругин, Аллагьасе рецц.
БукIана дур рохел, заман аниги,
Заманалъул шартIал щолел ругилан.
Щайха дур беразулъ дица цIалараб
ЦIодораб пашманлъи? Лъала.. Лъаларо.
Лъуна дида цебе кваназе бугIа-
Кидал кIочон толеб тIагIамги махIги?!
ТIорал журачIого, хьон хисичIого,
Хурзабахъ гьанибго соназ цIунараб.
Сапараз дун чанги бакIазде щвана,
БихьичIо, бичIчIичIо, гьаниб кинигин.
Унго тIабигIатгун, инсангун тарих
РукIун ругел аскIор - Ункъракьалъул ракь!

Араб гIасруялъул лъеберабилел – кIикъоабилел соназда республикаялъул «МагIарул большевик» газеталда рахъун рукIарал цо-цо макъалаби. Гьелго макъалаби рахъун руго пачалихъияб архивалда цIунун ругел ЦIумада районалъул газеталдаги

Къокъго

ЦIумада районалъул ТIинди росулъ цебе заманалдаса нахъего равхIани тайпаялъ мунпагIат босун халкъ диналде ахIулеб букIараб мажгиталъул рукъалъул гьанжего ремонт гьабун цIияб сельмаг гьабулеб буго. Гьелдаса ТIинди росдал захIматчагIи цIакъ рохарал руго.

№5. 16 январь.

* * *

ЦIумада районалъул КIванада росдал гьоркьохьеб школалъул военрук гьал. Н. Халидовас ва учитель гьал. Балаевасги призывниказда гьоркьоб лъикIаб хIалтIи гьабулеб буго. Гьез гIуцIун буго хасаб кружок. Кружокалда военрукас малъула рагъул иш, учитель Балаевас - гIурус мацI. Гьанжеялдего призывниказда лъала тункIил частал, противогаз ва гь.ц.

Шамхалов М. ХI.

* * *

Агъвали

ЦIумада районалъул колхозаз ва колхозниказ оборонаялъул фондалде кьуна 113.300 гъурщил облигация, 2695 гъурущ гIарац, 35 чIегIер хIайван, 228 гIиялъажо, 4145 килограмм чIегIераб металл, 832 килограмм пахь, ва рез, 4 килограмм хирияб металл, 19 килограмм бацIцIадаб хьахIаб гIарац.

№85 18 сентябрь 1941 сон.

* * *

Эркен гьарурал школазе кумек

ЦIумада районалъул ТIинди НСШялъул кулабазул байбихьул школазул учительзабазгин цIалдохьабаз немцазул хьурмсахъаздаса эркен гьарурал районазда ругел школал рукIалиде ккезариялъе кумек гьабулеб буго.

Гьадал росабазул школазул учительзабаз, цIалдохьабаз гитлерилаздаса эркен гьарурал районазда школал рукIалиде ккезариялъе 1850 гъурущ кьуна.

Цогидал учительзабазги, гьездаса мисал босун, хIалтIи гьабизе ккела.

Тенла школалъул заведующий Абулмуслимов ГI. 12 март, 1942 с.

***

ЦIияб электростанциялъе план бахъи

Агъвали (нижер корр) Дагъистаналъул росабазул электростанциязул управлениялъ хасав инженерги витIун ЦIумада районалъул ТIинди росолъ электростанция баялъе проект бахъана. Гьеб проект хIукуматалъ къабул гьабун буго. ТIинди росдал «ЦIияб гIумру» колхозалъул колхозчагIи электростанциялда хIалтIизе хIадурлъулел руго ва кватIичIого гьеб хIалтIуде байбихьизе буго.

№99, 28 октябрь 1945 сон.

* * *

Берлиналъул рукъалъул къеда

(ЦIумада районалъул Лъондодаса МухIамадов Амирил кагътидаса)

Гитлерил бандалде данде гьабулеб кIудияб ВатIаналъулаб рагъулъ тIоцебесеб къоялдаса нахъе гIахьаллъи гьабуна дица. БахIарчиял советиял аскаразул мухьаллъуги вукIун дица цIунана цIар рагIарав Ленинил шагьар, гьединго гIахьаллъи гьабуна шагьаралда аскIоса бидулал фашистал нахъе гьеялъулъги ва щущахъ рихизариялъулъги.

Ленинил шагьар цIунулел бищунго хIинкъи цIикIкIарал къоялдаги щивав советияв рагъухъанасулго гIадин дирги хьул ва божилъи букIана гитлерилаб Германиялъул чIегIераб гьасидо – Берлиналде щвезе ва гьелда тIад бергьенлъиялъул байрахъ чIвазеги. Дир мурад тIубана. Дица гIахьаллъи гьабуна Берлиналде гIагарлъухъ гьарурал тарихиял рагьазда, гитлерилал бандал ахирияб куцалда щущахъ риххизариялда. Дида бихьана Германиялъул рейхстагалъул рорхатал минабазда тIад щугIаркьелаб цIва ва нилъги квартIаги тIад бугеб кIудияб ва бергьенлъиялъулаб советияб байрахъ парпалеб букIараб куц.

ТIарамагьадиселги гитлерилал бандал щущахъ риххизарун лъугIун хадуб нижеца Дагъистаналъул васаз Берлиналъул бакьулъегIан ругел рорхатал рукъзабазул хьахIилал къадазда хьвана «Дагъистаналъул Шамилил васал Берлиналда руго» абун.

№58, 24 июнь 1945 сон.

* * *

ГIабдурахIмановасул хIаракат

Агъвали (телефоналдасан) ТIинди росдал «ЦIияб гIумру» колхозалъул 70 сон барав член гьал. ГIабдурахIманов МухIамадица кьураби-хьитIал ругел бакIаздасан лълъимги бачун цIияб ах гьабуна. МухIамадица гьеб ахикь чIун буго 2 азарго гьветI. Гьединго хIалтIаби гьарун араб соналдаги гьес 400 захIматкъо босана.

№49, 26 май, 1946 с.

* * *

Кабала магIарде рахине руго

ЦIумада районалъул гIолилазда гьоркьоб гIатIидго гIуцIун буго физкультураялъулаб ва спорталъулаб хIалтIи. Гьаб соналда районалда физкультураялъул ва спорталъул хIалтIи гIезегIанго цIилъана ва гIемерлъана. Щибаб къоялъ Агъвали росолъ радал гьабулеб физкультураялъулъ гIахьаллъи гьабизе 45 чи хьвадула. Районалда гIуцIун руго волейболниял командаби.

Щибаб рахIаталъул къоялъ гIолохъабаз данделъун спорталъулаб къец гIуцIула. Гьениб гранатаби рехи, рекери, халалъухъе ва борхалъудасан кIанцIи гIадал физкультураялъулал ва спорталъулал номерал гьарула. Физкультураялъул ва спорталъул хIалтIи лъикI гIуцIун буго ТIинди, Гъоркьа Гъаквари, КIванада ва цогидалги росабалъ. Май моцIалда гIуцIун букIана риидалилаб кросс. Гьелъулъ гIахьаллъана 612 чиясул 221 чияс ГТОялъул 1 даражаялъул значокалъе, 42 чияс II даражаялъул значокалъе, 185 чияс БГТОялъул значокалъе нормаби кьуна.

Районалда спорталъулъ тIокIлъи бихьизабулел гьалмагъзаби руго СагIдула МухIамадов, МагьдимухIамадова Загьра, ГьалбацIов Даниялбег ва цогидалги.

Гьанже ЦIумада районалъул гIолилал хIадурлъулел руго Октябралъул КIудияб революциялъ ХХХ сон тIубаялъул цIаралда Акнада росдада гIагарлъухъ бугеб борхалъуде (Кабала магIарде) кросс гьабизе

Г. МухIамадов, Агъвали росо. №66, 16 июль 1947 сон.

* * *

Руччабаз бацI чIвана

ЦIумада районалъул Лъондода росдал Орджоникидзел цIаралда бугеб колхозалъул колхозруччаби СагIидова РахIматицаги МухIамадова ПатIиматицаги колхозалъул фермаялъул бокьобе кIанцIараб бацI тIаде нуцIаги кьан тIохтIасан гьеб кьватIибе кIанцIулеб бакIалда хьаравуллъиги гьабун тIилица бухун хвезабуна.

А. МухIамадова. 10 апрель, 1947 с.

* * *

6 литр рахьдал бикьарасе 6 сон

ЦIумада районалъул Гьигьалъ росдал Верховный Советалъул цIаралда бугеб колхозалъул заманаялъе вехьлъун тIамурав Жамалудинов МухIамадица 2-3 нухалъ жиндиего хайиралъе колхозалъул цIани речIун руго. Гьеб мехалда колхозалъул председатель ХIажиевги тIаде ккун Жамалудиновасдаса 6 литр рахь бахьун буго. Гьединаб къагIидаялда колхозалъул рахь бикьиялдалъун ЦIумада районалъул халкъияб судалъ цIияб законалда рекъон хIукму гьабуна Жамалудинов 6 соналъ жанив тIамизе ва 800 гъурущ рецIелги бахьизе.

Ш. ХIажиев. №77, 20 август, 1947 с.

* * *

ТIинди Ильичил чирахъал

1947 соналда ЦIумада районалъул ТIинди росолъ электростанция базе байбихьун букIана. Росдал колхозчагIаз кIудияб жигар бахьана гьеб хIалтIиялъе. Машинаби ва гьакал хьвадуларел нухаздасан станциялъе бакIаб кьайи гьеб балеб бакIалде баччана жалго колхозчагIаз.

Гьаб соналъул ноябралда октябралъ 31 сон тIубаялъул праздникалде ТIинди росолъ Ильичил чирахъал гванганa.

М. ГIаличуев №118,22 декабрь 1948 сон.

Материалазда орфографиягун пунктуация цIунун буго газетазул архивалда батухъе.

КучIдузул автор ва материал хIадур гьабурав Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ, «ХIакъикъат» газеталъул отделалъул нухмалъулев

«Редакция газеты
«ЦIумадисезул гьаракь»
(«Голос Цумады»)»
Муниципальное унитарное
предприятие, сокращенно
МУП «РГГЦ»

БетIерав редакторасул
бакIалда
Залимханова Хадижат
МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул
2-52-44
Жавабияй секретаралъул
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул)
адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район,
Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ
ГЬАРАКЪ»
газета гIуцIараб:
«ЦIумада район»
муниципалияб районалъул
администрация

Газета
зарегистрирована
в Управлении
Федеральной службы
по надзору в сфере
массовых коммуникаций,
связи и охраны
культурного наследия
по Республике Дагестан.
Свидетельство
о регистрации
ПИ №ФС 05-0005
от 20 августа 2008 г.

Газета бищана
редакциялъул
компьютеразул
цехалда

Газета къватIибе
биччана РГЖТялъул
типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру
кидаго гуро рахъарал
макъалабазул авторазул
пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рихьизару-
рал хIужабазул, цIаразул,
тарихазул ва цогидалги
баяназул жаваб кьола
гьезул автораз.

Газеталъул индекс:
бащдаб лъагIалие - 51377
лъагIалие - 63302
Тираж -2310
Заказ ---

Графикалда рекъон
газета къватIибе биччазе
гъулбасизе кколаан
17 с. 00 мин.
ХIакъикъаталда
гъулбасана
16 с. 45 мин.

Газеталъул
электроннияб адрес:
Golostsumady@mail.ru

Хъвайни цIияб мажгит балеб буго

Огь, байтулман дуниял, дудасан гьечIеб пайда.
Гьабун гIумру лъвинчIони, гIазаб цIикIкIин гурони.

МагIарулазул машгьурав гIалимчи Инхоса ГIалихIажиясул гьал рагIабазул магIнаялде кIвар кьоларев инсан ватиларо. Халкъалда гьоркьор щибаб росулъ ратула дуниялги гIуцIизе лъалел, ахираталда жидеего Алжаналда бакI щвеялъе ишалги гьаризе лъалел гIадамал. Аварагасул (с.т.гI.в.) х1адис буго дунялалда мажгит барав чи, Алжаналда жиндиего рукъ барав чи вугин. Гьединаб иш байбихьун буго Хъвайни росулъ СилахIудинов Шарапудинил вас ХIабибица. Гьелъул хIакъалъулъ бицана дагьав цеве редакциялде щварав росдал жамагIатчи Сайпудин СилахIудиновас.

-ХIабибица росулъ букIараб басрияб мажгитги биххун, цIияб кIитIалаяб мажгит балеб буго. Гьесие кумек гьабулеб буго дир васал ГIабдулацагун Абулмуслимица, Насрудинов ХIасбулацагун гьесул васал Насрудиницагун Сахрудиница, Суракъатов ХIабибица, ГIабдуразакъов ГIабдулкъагьирица, ЯхIяев АхIмадица ва ХIайбулаев ГIабдулбасирица. Гьеб баялъул хIалтIуе бажарун нухмалъи гьабулеб буго Денгал вас ХIабибица. Гьенире Аллагьасе гIолоян нигатгун кумекалъе рачIун, гвай гьабуна Къедиса, ЦIедакьа, Эчедиса, ТIиссиахикьа ва ЦIунтIа районалъул Лъацуда росулъа гIолохъабаз. Аллагьас кири кIодо гьабеги гьезиеги. Нижер росдал жамагIаталъул рахъалъан баркала загьир гьабулеб буго цебеккунги гьанжеги росдае кинабгIаги кумек-квербакъи гьабурал гIадамазеги. Гьединаздаса ккола росдал хабалазда сверухъ кквезе 300 метр сеткаялъулгун арматураялъул кьурав Эчеда росдал бетIер ГIабдурашид КъурамухIамадов, росулъе лъим бачине квербакъарав МухIамад Бадрудинов, шагьранух бахъизе гIарац тIалаб гьабурав ХIусен ХIусенов. Гьезул жигараб хIалтIуца лъикIлъана хъвайнисезул яшав, ва нижер росдал тарихалда хъвана жидерго цIарал. Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги гьезда. Гьединго росулъе бахъун лъугIулеб буго шагьранух, кIудияб баркала буго районалъул нухазул участкаялъул нухмалъулев АхIмад Давудовасеги, -ян абуна гьес.

Гьадин, ракI унтун жидер росулъ бугеб къварилъи-гIатIилъиялъул бицине вачIуна цо-цо Сайпудин нижехъе. Нижеда бичIчIула гьесул росулъ кколел лъикIал ишаздаса бугеб рохелги, хадуб бачIунеб гIелалъул лъикIаб гIумру букIиналъул ургъелги, щайгурелъул г1олохъанго лъималазул эбелги хун, анц1ила ункъо лъимер гIумруялде бахъинабулаго, гIемераб гIакъуба бихьана гьесдаги. Ункъоялда ункъо сон гIумруялъул ригьалде ваханиги, лъикIаб жаналда вуго гьев. Сайпудиние хирияб буго жиндир гIумру жаниб араб росу, ва бокьун буго, жидер росулъги гIадамазе яшав гьабизе шартIалги гIуцIун, гIатIиракьазде гочинги тун, умумузул росу цIунизе. Божи буго гIадамазе гIумру гьабизе лъикIал шартIал ругони, гьесул мурад тIубалин ва магIарухъ росу цIунилин.

Зулфия Сажидова

Спорт

ТIадагьаб атлетикаялъул къецал

29 октябралъ ДЮСШялъул спортивияб азбаралда тIобитIана 2003-2004 и 2005-2006 соназ гьарурал цIалдохъабазда гьоркьоб тIадагьаб атлетикаялъул ва спорталъул миллиял тайпабазул рахъалъ районалъул Первенство. Гьенир гIахьаллъана Агъвали, ТIисси-Ахикь, Гьигьалъ, ТIинди, Гъоркьгьаквари, ТIадгьаквари, Эчеда, КIванада, Хонохъ, Лъондода, ТIисси ва Къеди росабазул командаби.

ХIалуцарал къецазулъ 2003-2004 соналъ гьарурал лъималазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI щвана Гьигьалъа командаялъе, кIиабилеб бакI-Агъвалиса школлъималазе ва лъабабилеб бакI-Гъоркьгьаквари школалъул цIалдохъабазе.

2005-2006 соназ гьарурал лъималазда гьоркьобги тIоцебесеб бакI гьигьалъдерие, кIиабилеб бакI- тIиндисезе, лъабабилеб бакI ТIиссиахикьа спортсменазе щвана.

Бергьарал ва призерал жиде-жидер даражаялъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна.

Баркула киназдаго бергьенлъаби.

Шамил Сажидов, ДЮСШялъул методист

Шамилил бергьенлъи

28 октябралъ Архангельск областалъул Северодвинск шагьаралда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ шагьаралъул рагьараб чемпионат.

Гьенив гIахьаллъарав нилъер ракьцояв, РичIагьанихъа Шамиль ТIалхIатовасе 79 кг. цIайиялда щвана тIоцебесеб бакI.

Баркула Шамилида бергьенлъи, гьарула хадурккунги чIахIиял бергьенлъаби, сахлъи, икъбал.

МухIамад Къасумилав

ГIадамасул мацIалъги хIикматаб жаваб кьола,
Щиб гьесул рагIийилан хал гьабичIого тоге.

Гьигьалъа ХIусейнияв МухIамад